



Pou Piblikasyon Imedya: 17/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO KAD POU ATENN OMWEN 10 JIGAWAT ENÈJI SOLÈ DISTRIBIYE AN 2030

Sa ki ase pou alimante prèske 700,000 kay New York anplis chak ane

Pwopoze yon plan konplè pou elaji inisyativ NY-Sun Eta a ki pote siksè a epi pou ogmante aksè ak enèji solè pou Nouyòkè yo

Yo prevwa ankouraje apeprè 4.4 milya dola nan investisman prive, kreye 6,000 djòb solè adisyonèl - ak premye salè an vigè pou pwojè ki depase 1 MW - ak yon objektif pou bay 40 pousan benefis pou kominote defavorize defini pa lalwa yo ak pou Nouyòkè ki gen revni fèv ak revni modere yo

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou pwodui 70 pousan elektrisite Eta a apati sous renouvlab yo dis 2030

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon kad pou eta atenn omwen dis jigawat enèji solè ki distribiye ki pou enstale dis 2030, sa ki ase pou alimante prèske 700,000 kay. Plan an, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York te soumèt bay Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission) la pou kòmantè ak apwobasyon piblik la, pwopoze yon estrateji konplè pou elaji inisyativ NY-Sun Eta ki pote siksè a an youn nan pwogram solè inik ki pi gwo ak pi enklizif nan nasyon an, sa k ap ede ogmante aksè ak enèji solè pou plis Nouyòkè. Anplis de ankouraje apeprè 4.4 milya nan investisman prive ak kreye 6,000 djòb solè adisyonèl atravè eta a - ki gen ladan ak premye aplikasyon Eta a nan salè an vigè pou pwojè solè ant youn ak senk megawat -ekspansyon pwogram lan ap bay omwen 35 pousan benefis ak yon objektif 40 pousan nan envenstisman [kominote ki defavorize yo](#) ki defini pa lalwa ak Nouyòkè ki gen revni ki ba ak revni modere yo. Anons jodi a sipòte manda Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a pou pwodui 70 pousan elektrisite eta a apati sous renouvlab yo dis 2030 kòm yon pati nan yon tranzisyon fleksib ak ekitab nan yon ekonomi enèji pwòp.

"Nan New York, nou rekonèt ke moman pou nou aji sou chanjman klimatik la se kounye a — nou tou senpleman pa ka tann paske nou te wè enpak kriz sa a devaste kominote nou yo, biznis nou yo, ak ekonomi nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Ranfòse angajman nou anvè enèji solè pral ede konstwi kominote ki pi an sante, ki pi rezistan pandan y ap katalize nouvo djòb bon jan kalite ki byen peye nan sektè k ap pwospere nan ekonomi enèji pwòp nou an."

NYSERDA ak DPS te evalye ak anpil atansyon plizyè estrateji pou deplwaye dis jigawat oswa plis enèji solè distribiye —pwojè ki gen mwens pase senk megawat nan dimansyon, ki gen ladan enstalasyon twati ak pwojè solè kominotè — dis 2030 epi yo te detèmine ke elajj siksè inisyativ NY-Sun Eta a bay chemen ki plis efikas, familye, ak rentab pou swiv. Yo prevwa ke atenn objektif solè elaji eta a pral jenere ase elektrisite pwòp chak ane pou alimante prèske 700,000 kay adisyonèl nan New York, ki gen ladan sa yo ki nan kominote defavorize yo.

Sa ki enpòtan, Plan pwopoze:

- Ase nouvo enèji pwòp, renouvlab pou alimante 700,000 kay adisyonèl chak ane;
- Omwen 1,600 megawat, ase pou alimante 280,000 kay, nan nouvo kapasite solè pou benefisye kominote defavorize yo ak Nouyòkè ki gen revni ki ba a modere yo, ak yon estimasyon 600 milyon dola nan investisman k ap sèvi kominote sa yo;
- Omwen 450 megawat, ase pou alimante prèske 79,000 kay, dwe konstwi nan zòn sèvis elektrik Con Edison lan (ki kouvri Vil New York ak kèk pati nan Westchester), ogmante kapasite solè enstale nan zòn sa a plis pase yon jigawat, sa ki ase pou alimante prèske 175,000 kay, nan fen deseni an;
- Omwen 560 megawat, sa ki ase pou alimante 98,000 kay, ki dwe avanse atravè Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA); ak
- Yon nouvo egzijans ke travayè ki asosye ak konstriksyon pwojè NY-Sun sipòte yo ki pi plis pase yon megawat yo dwe peye salè ki an vigè a, sa ki montre angajman Eta a pou asire pwojè yo kreye bon jan kalite, travay pou soutni fanmi Nouyòkè yo ak planifye pou yon tranzisyon ki jis. Pwojè ki te soumèt premye aplikasyon entèkoneksyon sèvis piblik yo anvan yo te ranpli Plan sa a pwopoze pou yo egzonere de nouvo egzijans salè ki an vigè a.

Yo prevwa elaji objektif solè eta a pou gen yon enpak mwayèn sou bòdwo pou kliyan New York yo ki mwens pase en pousan, oswa apeprè 0.71 pa mwa pou rezidans mwayèn. Plan an disponib pou kòmantè piblik sou [sit entènèt](#) Depatman Sèvis Piblik la ak priz desizyon paralèl an 2022.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Gouvènè Hochul te fè li klè ke ogmante aksè ak enèji solè se yon pati santral nan estrateji New York ki konplètman enklizif pou dekabonize rezo elektrik la epi redwi emisyon danjere pou amelyore kalite lè a ak sante piblik la. Plan konplè sa a bay mache a kad enpòtan li bezwen pou li kontinye pwospere nan New York epi l ap ede nou bati sou pwogrè nou te reyalize nan kad NY-Sun pou plis trase chemen an nan direksyon reyalizasyon objektif klima ak enèji pwòp nou yo."

PDG DPS la, Rory M. Christian, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò chalere li a, ki ankouraje devlopman ak aksè ak enèji solè nan Eta New York. Plan ke yo te devlope a bay New York zouti li bezwen pou akselere ale tranzisyon an nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp epi atenn objektif klimatik enpòtan nou yo."

Depi inisyativ NY-Sun la te lanse, NYSEDA te travay epwòch ak gouvènman lokal yo, kominote agrikòl yo, lòt ajans eta yo, ak yon pakèt antite ki konsène yo pou asire ke pwojè sa yo devlope epi sitiye nan yon fason ki konsidere itilizasyon teren yo konplètman epi y ap avanse nan kolaborasyon pwòch ak antite lokal ki enterese ak kominote agrikòl yo. NYSEDA pral pwolonje asistans teknik kontinyèl li pou tout minisipalite yo nan eta a pou ede lokalite yo fè aliman devlopman solè ak priyorite lokal yo. Anplis de sa, pwojè ki sitiye nan [Distrik Agrikòl](#) ki deziyen nan Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York dwe swiv [Direktiv pou Rediksyon Agrikòl pou Pwojè Enèji Solè](#) epi yo pral sijè a yon pwosesis revizyon adisyonèl ak NYSDAM, ansanm ak konsèy agrikòl lokal yo. Pwojè sa yo ki depase 30 kawo tè enpak sou tè agrikòl prensipal yo pral sijè a frè mitigasyon yo.

Anons jodi a devlope sou siksè eta a nan kad NY-Sun, selon li pwojè enèji solè ki distribye ki enstale, lè yo konbine ak pwojè k ap devlope yo, mete eta a 95 pousan nan objektif Lwa sou Klima aktyèl la pou enstale sis jigawat enèji solè rive 2025. An 2020 an, New York te klase kòm premye nan peyi a nan Enstalasyon Solè K ominotèepi dezyèm pou enstalasyon total solè ki distribye. Depi 2011, NY-Sun, ki se inisyativ 1.8 milya dola Eta New York pou avanse enèji solè a gran echèl epi fè Eta vin pi pre pou gen yon endistri solè dirab, te:

- Favorize 12,000 anplwa nan endistri solè a;
- Sipòte 114,000 pwojè ki konplete ak apeprè 6,000 nan devlopman aktif nan filyè NY-Sun lan - ansanm, ase pou alimante plis pase 2.2 milyon kay;
- Enstale pano solè sou tè kay oswa pwopriyete 145,000 fwaye nan tout konte nan New York yo;
- Founi plis pase 1 milya dola nan prim ankourajman, sa ki mobilize 5.6 milya dola nan investisman prive;
- Antrene plis pase 2,100 pousan kwasans solè nan Eta a;
- Livre ase enèji pwòp, renouvlab pou elektrifye plis pase 522,000 kay nan New York;
- Ede diminye pri enèji solè a koute a, a 69 pousan nan 10 lane; epi
- Atribye 135 milyon dola pou pwojè ki benefisye fanmi ki gen revni ki fèb a modere yo ak kominote ki defavorize yo.

Senatè Kevin Parker te deklare, "Kòm Prezidan komite Enèji ak Telekomunikasyon, mwen bat bravo pou NY Sun paske yo te mete ann aplikasyon inisyativ ki deja fè eta nou an yon lidè nan devlopman solè distribiye. Pandan n ap kontinye avanse nan direksyon objektif ki tabli atravè Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a, nou dwe prepare pou pwochen etap sa yo ki pral ede nou depase objektif sa yo epi kreye bon travay ak yon salè desan ak avantaj nan endistri enèji pwòp la. Mwen kontan

wè NYSERDA ak Depatman Sèvis Piblik la franchi etap enpòtan sa a pou yo rive atenn 10 jigawat solè distribiye isit la nan Eta New York."

Senatè Todd Kaminsky te deklare, Plan ke yo pibliye jodi a montre kijan nou ka atenn objektif anbisyè ak enèji solè pwòp, ankouraje plizyè milya nan investisman prive, epi asire kominote ki defavorize yo benefisye kwasans sa a. Mwen bat bravo pou NYSERDA ak DPS pou estrateji yo ki gen yon vizyon pou lavni pou devlope ekonomi enèji vèt New York la.

Manm Asanble Steve Englebright, te deklare, "Nou tout gen yon wòl pou nou jwe nan redui konsekans negatif chanjman klimatik la. An 2019, mwen te patwone Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a ki te egzije PSC pou tabli yon pwogram nan estanda enèji pwòp la pou asire ke 70 pousan elektrisite eta a pwodui apati sous renouvlab yo rie 2030 ak 100 pousan soti nan sous ki san emisyon rive 2040. Mezi yo pran jodi a se yon pa na bon direksyon an."

Vincent Albanese, Direktè Politik ak Zafè Piblik pou Fon Òganizasyon Ouvriye Eta New York, te deklare, "Rezilta papye blan sa a pwouve ke yo ka bati pwojè enèji renouvlab yo nan tout dimansyon ak nan tout zòn nan eta a ak travay ke yo peye yon salè ki an vigè. NYSERDA a te yon lidè nasyonal nan angajman li pou asire yon tranzisyon jis pou travayè yo nan endistri enèji a. Nou kontinye aplodi angajman yo genyen anvè manm nou yo."

Direktè Egzekitif, Alyans Jistis Anviwònmanal Vil New York la (New York City Environmental Justice Alliance), Eddie Bautista, te deklare, "Elaji aksè ak solè atravè eta a asire ke plis Nouyòkè, espesyalman nan kominote koulè ki istorikman defavorize yo, yo ka benefisye elektrisite pwòp epi li se yon gwo etap pou pi devan nan jistis klimatik. N ap tann ak enpasyans pou n ede Eta New York atenn lòt nivo sa yo ki pral ede diminye emisyon danjere pandan y ap ofri anpil opòtinite travay ak ekonomik pou tout moun."

Thomas A. Callahan, Prezidan, Konferans Enjenyè Eksplwatasyon Eta New York la, te deklare, "Anons NYSERDA jodi a se yon gwo nouvel pou anviwònman New York ak yon gwo nouvel pou travayè New York yo. Lè w mande salè ki an vigè nan pwojè solè ki pi gwo pase 1mw asire w ke pi bon mendèv nan peyi a fè pati ekip k ap asire avni enèji vèt New York la. Konferans Enjenyè Eksplwatasyon NYS la fyè pou li fè patenarya ak NYSERDA nan anons sa a ki asire yo trete travayè yo yon fason ki jis pandan New York ap envesti nan enèji pwòp demen an. Ansanm ak angajman New York te pran nan bidjè ane pase a ki te defini enèji renouvlab a gwo echèl yo kòm travay piblik, anons sa yo se gwo premye etap nan asire djòb klas mwayèn epi gason ak fanm travayè New York yo pral fè travay ki asire nou atenn objektif CLCPA nou yo."

Direktè Egzekitif NYSEIA, Zack Dufresne, te deklare. "NYSEIA felisite Gouvènè Hochul ak administrasyon li a pou lidèchip yo pou tabli Eta New York kòm yon pyonyè nasyonal pou deplwaman enèji solè distribiye. Aspire pou 10 GW solè atravè ekspansyon pwogram NY-Sun la, jan sa endike nan Plan sa a, pral bay plizyè milye

travay ki byen peye epi kontinye pozisyon enèji solè kòm yon poto enpòtan nan ekonomi New York la. Nou aplodi tou sipò administrasyon an pou dispozisyon jistis anviwònman, ak finansman dirèk pou pwojè ki benefisye kominote defavorize New York yo. Plan sa a se yon investisman anbisyè nan avni enèji pwòp New York la, epi pandan ke gen anpil detay ki poko revize ak diskite, NYSEIA pa ka tann pou li travay avèk Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la ak Komisyon Sèvis Piblik la pou kolabore pou sasisfè angajman solè ak anviwònman distribye epi ki louwab New York yo."

David Gahl, Direktè prensipal politik eta a, East pou Asosyasyon Endistri Enèji Solè New York la, te deklare, "Pwopozisyon sa a ta tabli finansman alontèm pou elaji pwogram ankourajman solè a, sa ki kreye sètitud pou endistri solè a ak kliyan yo pandan y ap mete New York sou wout pou reyalize objektif Gouvènè Hochul pou enstale omwen 10 jigawat enèji distribye. Plan an ankouraje solè kominotè e pwolonje ankourajman pou kliyan ki gen revni ki fèb a modere yo, sa ki ede asire tout Nouyòkè yo ka patisipe nan tranzisyon enèji pwòp la. Nou pa ka tann pou nou travay ak Gouvènè Hochul, Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la, avèk Depatman Sèvis Piblik la pandan pwosesis regilasyon an."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare, "Plan sa a se yon lòt etap enpòtan ankò pou asire ke New York rete devan liy lan nan inovasyon ak opòtinite nan ekonomi dirab la. Lè yo elaji inisyativ NY-Sun lan, yo pral kreye plizyè milye lòt karyè nan klas mwayèn pou gason ak fanm ki travay di New York yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSEIDA pou angajman kontinyèl yo pou etabli yonreferans pou sektè enèji renouvlab la isit la menm nan New York."

Kaitlin Kelly O'Neill, Direktè Rejyonal Nòdès la pou Kowalisyon pou Aksè ak Enèji Solè Kominotè (Coalition for Community Solar Access) a, te deklare, "Nou kontan wè plan NYSEIDA te ranpli a reflekte klèman valè enèji solè kominotè a te pote nan New York, epi l ap kontinye founi eta a pandan l ap travay pou atenn pi gwo objektif klimatik li yo. Resous elaji yo k ap pote pi gwo aksè ak kominote ki defavorize yo pral ogmante ekite enèji pwòp ak avantaj ekonomik pandan y ap kontinye avanse efò dekarbonizasyon yo."

Anne Reynolds, ki se Direktè Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "New York kontinye fèm nan efò li pou kontinye devlope endistri solè a nan Empire State la. Nan mwa septanm nan, nou te akeyi anons Gouvènè Hochul fè sou yon nouvo objektif 10 jigawat solid pou solè distribiye, epi kounye a nou pa ka tann pou nou antre pi fon nan plan sa a pou konnen kijan nou pral reyalize li. Konpayi manm nou yo pa ka tann pou kontinye investi nan - epi kreye nouvo djòb nan - New York."

Julie Tighe, ki se Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York la te deklare, "Eta New York bezwen ogmante kapasite solè li pou atenn objektif enèji renouvlab nou yo, epi angajman Gouvènè Hochul pran pou ale pi lwen pase egzijans CLCPA a nan

prèske double kantite solè distribiye nan Eta a se yon etap enpòtan pou pi devan. Nou remèsye Gouvènè a pou lidèchip li epi nou felisite NYSERDA ak DPS paske yo te lanse yon pwosesis k ap diminye emisyon gaz ki lakòz efè sèr ak ranfòse ekonomi enèji pwòp la."

Direktè Egzekitif Climate Jobs NY la, Jeff Vockrodt, te deklare, "Sa se yon etap enteresan pou atenn objektif rediksyon emisyon New York yo, pou asire tranzisyon enèji pwòp eta nou an kreye bon travay ak karyè ak travay sendika, epi ankouraje investisman nan kominote ki defavorize yo. Egzijans salè ki anvigè pou pwojè ki pi depase 1 megawat enpòtan anpil pou konstwi yon endistri solè a gran vitès, e nou ap tann ak enpasyans pou nou kontinye avanse estanda travay nan endistri solè a ak atravè sektè enèji pwòp la, pou nou ka bati yon tranzisyon enèji ki fonksyone pou tout moun."

Michael D. Welsh, ki se Vis Prezidan Entènasyonal, nan International Brotherhood of Electrical Workers (IBEW), te deklare, "New York, ki deja yon lidè nan efò pwoteksyon klima ak bon djòb pwòp, ankò ap pwogrese epi etabli estanda avèk Kad jodi a pa NYSERDA ak Depatman Sèvis Piblik la pou ogmante objektif la rive 2030 a 10 jigawat solè distribiye ki enstale. Etap solid sa a pral mande pou tout antite ki gen enterè yo mete tèt yo ansanm pou fè efò sa a vin yon reyalite, men, lè nou fè sa, li pral kreye anpil ak bon djòb ak salè ki anvigè ki nan pwojè ki depase yon megawat. Plizyè milye djòb byen peye sa yo pral ofri yon mobilite asandant pou rezidan New York ki soti nan tout dis rejyon yo nan eta a epi IBEW pa ka tann pou l jwe yon wòl kle nan bon djòb sa yo ki se bèl karyè nan endistri elektrik la. Nou sipòte kad NYSERDA ak DPS la epi nou aplodi yo pou lidèchip yo."

Elizabeth Yeampierre, ki se Direktris Egzekitif, UPROSE la, te deklare, Plizyè deseni lidèchip kominotè nan devan liy lan te ede pozisyon Eta New York pou li vin yon lidè nan kreye yon mache solè ki pi jis epi ki pi ekitab. Devlopman solè se yon opòtinite pou santre ekite pou operasyonnalize yon Tranzisyon Jis ak repare eritaj domaj ki koze pa konbisyon konbistib fosil nan kominote ki istorikman majinalize yo. UPROSE espere ke Eta a pral kontinye fè pwogrè nan sipòte pwojè solè ke kominote a ap dirij pou redwi emisyon nan kominote ki defavorize yo, ogmante aksè a enèji renouvlab lokal yo, kreye travay vèt ki byen peye, epi kreye richès kominotè alontèm."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè,

plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)